

8 jiyè 2021

Chè fanmi,

Nou reyalize l! Mwen espere nou tout kòmanse sezon ete a an byen. Pandan w ap detann ou ak reflechi sou ane ki sot pase a, n ap travay byen di pou fè planifikasyon pou ane kap vini an. Ane ki sot pase a te vini avèk difikilte nou pat ka imajine, men tou avèk opòtinite enkwayab pou gwo chanjman.

Mwen se yon edikatè DOE pou plis pase 20 ane, epi mwen konnen ke fè opòtinite sa yo tounen chanjman reyèl se travay yon kominote tout antye! Konsa, nou te pale avèk direktè lekòl, pwofesè, anplwaye biwo santral, fanmi, ak elèv ki te pataje eksperyans yo pou ane ki sot pase a—ak espwa yo nan kòman nou pral avanse pou pi devan.

Nou te tande w byen klè: Nou gen yon chans fè chanjman enpòtan nan kèk pati esansyèl nan ansèyman ak aprantisaj, nan chak klas. Kounye a, nou ka elimine inegalite pèsistan epi asire ke nan kèlkeswa lekòl pitit ou antre, yo byen akeyi li, epi li rankontre avèk pi gwo atant akademik—epi nou pare pou ede yo reyalize sa.

Ane sa a, amelyorasyon pral fèt ansanm avèk travay akademik solid. Mwen vle ba ou yon apèsi sou sa ki pral chanje ane sa a kap vini an, grasa yon investisman 635\$ milyon dola nan relansman akademik nou an pou yon milyon elèv nou yo.

Avan mwen fè sa, mwen vle rekonèt ke se pa tout fanmi ki gen menm santiman an osijè retounen lekòl anpèsòn. Anpil fanmi trè kontan epi yo pare pou pitit yo rekonekte aplentan. Lòt fanmi santi yo enkyete, oswa yo pa fin gen asirans toutafè osijè risk ki ka mache avèk sa. Mwen ka pwomèt ou ke sante pitit ou a se premye priyorite nou, kounye a ak kòm toujou. Nou ap ouvri aplentan pou chak elèv paske nou konnen nou ka pwoteje sante yo ak sekirite yo—ak pa w tou Epi nou konnen ke pitit ou a k ap nan lekòl la enpòtan anpil pou kwasans li ak pou sikses li.

Plan Rekiperasyon Akademik nou an ki pi ba a eksplike kèk nan fason nou ap pwofite moman sa a pou pitit ou a ka aprann, rekipere, epi devlope. Nou gen pou afiche plis enfòmasyon nan [schools.nyc.gov](https://schools.nyc.gov) nan ete sa a.

Mwen kontan anpil pou gwo retou nou an 13 septanm pou chak elèv—mwen pat janm kontan konsa pandan de dekad mwen genyen nan DOE a. Mwen gen onè pou pataje wout sa a avèk oumenm ak pitit ou a, epi mwen pa ka tann pou rekonekte pandan n ap apwoche kòmansman ane lekòl la.

Nan kolaborasyon,



Meisha Porter  
Chanselye Lekòl Vil Nouyòk

## **LEKÒL LETA VIL NOUYÒK: KISA OU PRAL WÈ AN SEPTANM**

### **Yo pral byen akeyi pitit ou a epi y ap ede l rekipere pou ane ki sot pase a**

Timoun nan chak kominote ap viv chòk pandemi COVID-19 la te koze. Yon rekiperasyon akademik ki pote siksè ka rive sèlman lè nou konsidere bezwen sante emosyonèl ak mantal elèv yo tou.

- Nou pral anboche plis pase 500 nouvo travayè sosyal ak lòt anplwaye sipò sante mantal pou lekòl pitit ou a gen omwen yon travayè sosyal oswa klinik sante mantal ki baze nan lekòl la.
- Nou pral kòmanse ajoute plis pase 130 nouvo lekòl kominotè pou ogmante sèvis sosyal, emosyonèl, akademik, pwogram anplis andeyò kourikoulòm lan nan kominote kote yo pi bezwen yo.

### **Abilite pitit ou a nan literacy pral yon priyorite**

Literacy ak lekti se absoliman fondman nan kapasite timoun pou rive atenn etap enpòtan pandan tout pakou edikasyon an. Objektif nou se pou chak elèv li nan nivo klas li nan fen klas 2yèm ane.

- Si ou gen yon timoun nan klas kindergarten jiska klas 2yèm ane, pwofesè li ap itilize yon zouti pou idantifye domèn kote li fò ak domèn kote li gen feblès nan kòmansman ane a, epi devlope plan sipò ki adapte ak bezwen espesifik li.
- Plizyè milye pwofesè nan klas sa yo ap resevwa fòmasyon anplis pou sipòte literacy.
- Yo pral anboche 140 pwofesè anplis pou redui kantite elèv ki nan klas yo nan 72 lekòl primè avèk objektif espesifik pou amelyore konpetans nan lekti.
- Nou pral ogmante antrenè lekti nan pwogram Universal Literacy nou an a 500, konsa chak salklas timoun debitan ak salklas K-2 gen youn.
- Anplis, nou pral bay lekòl finansman pou sipò ki vize elèv espesifik, tankou, jounen pwolonje ak aktivite ranfòsman.

### **Pitit ou a ap ogmante ladrès li nan teknoloji**

Septanm sa a, nou pral bati sou sa nou te aprann sou avantaj ki genyen nan teknoloji. Elèv ap devlope ladrès dijital pou prepare yo pou nouvo ekonomi an.

- Nou pral distribye yon lòt 175,000 aparèy, pou chak elèv K-12 ki bezwen youn gen aksè nan youn.
- Nou pral lanse yon pwojè teknoloji uityèm ane pou elèv demontre konpetans dijital yo.
- Nou pral fòme 5,000 pwofesè K-12 pou anseye kou syans enfòmasyon.
- Nou pral elaji Syans Enfòmasyon pou Tout Moun, pou sipòte refleksyon enfòmasyon, rezoud pwoblèm, ak ladrès dijital pou 400,000 elèv an 2024.

### **Plis sipò edikasyon espesyal ap disponib pou elèv ki gen andikap**

Pandemi an te gen yon enpak san pwopòsyon sou elèv ki gen andikap nou yo. Plan Rekiperasyon Akademik la ap mete tout resous ki disponib pou sipòte elèv ki gen Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP) pi byen, soti nan pi piti elèv k ap aprann nou yo rive nan elèv k ap prepare pou gradyasyon:

- Nou pral lanse pwogram aprelekòl ak pwogram lè samdi pou elèv ki gen IEP yo resevwa enstriksyon ak sèvis anplis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services).
- Nou pral ajoute 800 plas Pre-K Edikasyon Espesyal ak elaji Komite sou Edikasyon Espesyal Preskolè pou revize plis demann IEP.
- Nou pral bay elèv ki elijib ki gen laj 21+ swa enstriksyon kontinyèl pou abouti nan diplòm yo oswa lòt kalifikasyon, oswa konsèy sou plan pou preparasyon pou kolèj ak karyè.
- Nou pral kontinye bay atelyetrayay fanmi ak sesyon enfòmasyon atravè Seri Beyond Access nou an, ki sipòte fanmi elèv ki gen andikap yo nan bay sesyon sou sijè ki gen rapò avèk edikasyon espesyal.

### **Plis sipò lang ap disponib pou elèv k ap aprann nan plizyè lang**

DOE bay valè ak sipòte moun k ap aprann nan plizyè lang (ML) ak fanmi imigran. Nou pral bay sipò ki gen rapò avèk kilti ki bay elèv ak fanmi aksè egalego nan resous ak opòtinite ki ede elèv reyisi andedan ak deyò salklas la.

- Nou pral etabli Pwogram Anbasadè Imigran nan 30 lekòl segondè pou nou asosye elèv imigran DOE ak elèv kolèj pou mentoraj.
- Lekòl yo ap bay resous pou achte liv enprime ak dijital nan lang natifnatal elèv yo, ak bati bibliyotèk nan lang natifnatal yo.
- Nou pral bay pwofesè fòmasyon ki espesifik pou bezwen lang elèv k ap aprann nan plizyè lang ak elèv imigran.
- Nou pral tcheke byennèt ak bay elèv k ap aprann nan plizyè lang yo sipò aprantisaj sosyal-emosyonèl, patikilyèman nan tranzisyon nan aprantisaj anpèsòn aplentan.
- Nou pral elaji Pwogram Postsecondary Readiness for ELLs (PREP), pou se yon gwoup konseye lekòl ak edikatè yo chwazi ki mennen yo.

### **Pitit ou a pral pare pou kolèj ak karyè**

Espesyalman pandan elèv nou yo ap rekipere pou soti nan pandemi an, nou bezwen asire ke yo pi byen prepare pou pwochen etap la nan lavi, kit se kolèj kit se karyè.

- Nou pral bay konsèy pèsonalize gratis pou kolèj apre lekòl, pou chak elèv 11yèm ak 12yèm ane, pou chak elèv gen yon plan pou apre gradyasyon. Sa gen ladan lansman Sant siksè elèv pou 34 lekòl segondè.
- Nou pral ofri konsèy èd finansye inivèsèl pou kolèj nan plizyè lang, ede navige pwosesis aplikasyon an.
- Nou pral ajoute nouvo kou Plasman Avanse oswa College Now, konsa plizyè dizèn milye elèv anplis ap gen aksè nan kou nivo kolèj.

### **Pitit ou a pral aprann materyèl difisil ki reflekte kiyès yo ye**

Timoun pi angaje nan klas yo lè yo ka wè tèt yo nan leson yo ak materyèl yo. Nou pran angajman pou reflekte "bèl mozayik" kilti ak istwa vil la nan kourikoulòm lan.

- Nan sezon otòn lan, lekòl pitit ou a ap resevwa yon seri liv ki reflekte varyete nan istwa, lang, ak eksperyans ki fè konpozisyon vil la.
- DOE ap kòmanse travay sou kourikoulòm konpozisyon lang angle (ELA) ak matematik inivèsèl, rijid, ak enklizif ke 1,600 lekòl ak yon milyon elèv Vil Nouyòk pral pataje. Li pral ranfòse investisman nan literacy epi li pral motive elèv pou avanse pou pi lwen pase kote yo santi yo konfòtab sou plan akademik.
- DOE ap kòmanse devlope nouvo materyèl sipò pou ELA, Matematik, Art ak plis ankò, ke edikatè Vil Nouyòk ap devlope pou elèv Vil Nouyòk yo.